

Aprann Konn Dwa W: Egzijans Trump pou Anrejistreman Imigran

Nan dat 25 fevriye 2025 lan, administrasyon Trump lan te anonse yo pral egzije pou kèk imigran ki pa gen papye anrejistre nan Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) la. Nan dat 7 mas la, li te pibliye yon nouvo règleman ki eksplike kijan sistèm nan pral fonksyone. Nouvo règleman sa a pral aplike apati 11 avril. Anons sa a soulve anpil enkyetid, sitou poutèt yo te sèvi ak pwosesis anrejistreman tankou sa yo oparavan pou sible gwoup moun ki vilnerab yo.

Li kapab trè danjere pou imigran ki pa gen papye yo enskri pou anrejistre. Li kapab mennen nan detansyon, depòtasyon epi menm rive nan pouswit penal. Ofisyèl gouvènman an di aklè yo gen plan pou sèvi avèk enfòmasyon y ap jwenn nan anrejistreman yo pou chèche epi arete moun, depòte yo oswa ba yo presyon pou yo kite Etazini ak mwayen pa yo.

Dokiman sa a bay manm kominote yo enfòmasyon sou pwosesis anrejistreman an. Dokiman sa a se pa konsèy jiridik, epi nou ankouraje manm kominote a ki pa gen papye yo pran konsèy nan men yon avoka imigrasyon yo ka fè konfyans pou yo konprann risk anrejistreman an ka lakoz pou yo.

Kisa ki anrejistreman moun ki pa sitwayen ameriken yo?

Administrasyon Trump lan ap sèvi avèk yon lwa, epòk Dezyèm Gè Mondyal, pou eseye fè fanmi imigran yo bay ajan imigrasyon yo enfòmasyon pèsònèl yo, tankou adrès yo. Pwosesis sa a rele anrejistreman. Depatman Sekirite Enteryè (DHS) la di [objektif](#) anrejistreman an se pou chèche epi depòte imigran ki pa gen papye ki anrejistre, oswa ba yo presyon pou yo kite Etazini ak mwayen pa yo. DHS [menase](#) tou moun ki pa anrejistre yo kòm kwa yo ta kapab jwenn pouswit penal epi li konseye pou fanmi yo kite Etazini ak mwayen pa yo pou evite yo depòte yo oswa pouswiv yo lajistis.

Ki moun gouvènman mande anrejistre enfòmasyon pa yo?

Nouvo règleman gouvènman an di granmoun ak timoun ki gen plis pase 14 lane ki antre Ozetazini san otorizasyon epi ki pa t janm gen kontak avèk otorite imigrasyon yo dwe anrejistre kounyeya. Si w te janm aplike pou yon estati oswa yon avantaj imigrasyon oswa ou te janm nan yon pwosedi depòtasyon, yo gendwa konsidere ou deja anrejistre - jwenn plis enfòmasyon sou sa pi ba a. Gouvènman an mande tou pou paran oswa responsab legal timoun ki gen mwens pase 14 lane ki antre san otorizasyon epi ki pa t janm gen okenn kontak avèk otorite imigrasyon yo pou yo anrejistre timoun pa yo. Finalman, gouvènman an mande tout moun ki pa sitwayen ameriken ki dwe selon li menm anrejistre, pou di gouvènman an si li chanje adrès nan espas dis jou depi li fè sa.

Ki moun yo konsidere ki anrejistre deja?

Gouvènman an konsidere plizyè gwoup moun, sa gen landan kèk moun ki pa gen yon estati legal, deja anrejistre avèk gouvènman an. Selon nouvo règleman gouvènman an pibliye a, yo konsidere gwoup moun ki annapre yo kòm moun ki deja anrejistre, men li ta pi bon pou pale avèk yon avoka imigrasyon ki gen bonjan eksperyans pou konprann sitiyasyon espesifik pa w la.

- ▶ Moun ki gen kat rezidans (grinkat) (rezidan pèmanan legal)
- ▶ Moun ki te benefisye otorizasyon eksepsyonèl (parole), sa gen ladan pèmi vwayaj (menmsi otorizasyon eksepsyonèl sa a ekspire)
- ▶ Moun ki te vini Ozetazini sou yon viza non-imigran oswa viza imigran (menmsi li ekspire)
- ▶ Moun ki deja nan yon pwosedi (ekspilasyon) devan yon tribinal imigrasyon
- ▶ Moun ki te benefisye yon otorizasyon travay kèlkeswa kondisyon an (menmsi li ekspire)
- ▶ Refijye
- ▶ Moun ki te aplike pou rezidans pèmanan legal (menmsi yo te rejte aplikasyon an)
- ▶ Moun ki gen kat pasaj sou fwontyè oswa ki te rantre Ozetazini kòm yon “manm ekipaj”

Èske gouvènman an mande moun ki gen Aksyon Difere pou Arive Timoun (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) oswa moun ki aplike pou azil pou yo anrejistre?

Si yon benefisyè DACA, yon benefisyè TPS oswa yon moun k ap chèche oswa yo akòde azil te aplike pou yon Dokiman Otorizasyon Travay epi te resevwa li (menmsi li ekspire) yo konsidere yo anrejistre selon politik sa a. Gouvènman an pa konsidere yon aplikasyon pou DACA, TPS oswa azil, oswa yon apwobasyon DACA, TPS oswa azil kòm yon kondisyon pou anrejistremman an li menm. Sepandan, règleman an mansyone klèman ke Dokiman Otorizasyon Travay kòm yon dokiman ki pwouve anrejistremman an. Moun ki gen DACA oswa TPS ki pa t jwenn yon Dokiman Otorizasyon Travay men ki te benefisye yon pèmi vwayaj gendwa konte tou kòm moun ki deja anrejistre. Règleman an mande moun ki te aplike pou ak/oswa ki te resevwa DACA, TPS oswa azil *men ki pa t resevwa yon Dokiman Otorizasyon Travay* pou konplete nouvo pwosesis anrejistremman an.

Kisa pwosesis reyèl anrejistremman an ye?

Nouvo règleman anrejistremman an eksplike kijan pwosesis anrejistremman an pral fonksyone pou moun ki deside anrejistre. Premye etap la se pou kreye yon [kont sou entènèt](#) nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Peyi Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS). Dezyèm etap la se pou ranpli epi soumèt yon nouvo fòm atravè kont sa a ki rele Fòm G-325R, ki mande enfòmasyon pèsònèl (gen plis detay sou sa pi ba a). Apre soumisyon fòm lan, USCIS pral voye bay moun k ap anrejistre a yon konvokasyon nan yon sant sèvis USCIS pou pran anprent li yo. Nan randevou a, ajan yo pral pran anprent, foto ak yon siyati. Gouvènman an apresya pral fè verifikasyon antesedan yo, sa gen ladan yon verifikasyon sou istorik penal. Lè sa fin fèt,

gouvènman an ap kreye yon dokiman “Prèv Anrejistreman Etranje (Proof of Alien Registration)”, ki apresa pral disponib sou kont entènèt USCIS moun lan.

Kijan pwosesis la ye pou timoun?

Règleman an mande pou jèn moun ki gen 14 lane oswa plis swiv menm pwosesis anrejistreman yo eksplike pi wo a pou granmoun yo. Pou timoun ki pral gen 14 lane, Règleman an di timoun ki satisfè egzijans anrejistreman an dwe soumèt fòm anrejistreman pa yo epi pran anprent yo nan espas 30 jou apre 14yèm anivèsè yo. Pou timoun ki gen mwens pase 14 lane epi ki satisfè egzijans anrejistreman yo, Règleman an mande pou paran yo oswa responsab legal yo anrejistre yo, sa ki gen ladan kreye yon kont entènèt nan USCIS la pou yo. Pou timoun ki gen mwens pase 14 lane, pa gen egzijans pou pran anprent yo epi dokiman "Prèv Anrejistreman Etranje" a ap disponib sou kont USCIS timoun lan apre yo soumèt G-325R la.

Èske gen yon dat limit pou respekte pou anrejistreman an?

Nouvo règleman an pa bay yon dat limit espesifik pou anrejistreman an. Sepandan, li di timoun yo mande pou anrejistre yo dwe fè sa epi dwe pran anprent yo nan espas 30 jou apre 14yèm anivèsè yo. Règleman a di tou moun yo mande anrejistre yo dwe fè gouvènman an konnen si yo chanje adrès tou nan espas 10 jou apre yo chanje adrès.

Ki enfòmasyon yo itilize pou anrejistreman an?

Anrejistreman vle di ranpli epi soumèt atravè yon kont entènèt USCIS nouvo Fòm G-325R la. Fòm sa a mande enfòmasyon pèsònèl detaye sou moun k ap ranpli fòm nan ak fanmi yo, sa gen ladan:

- ▶ Non
- ▶ Adrès postal ak adrès fizik epi istorik adrès Ozetazini sou senk dènye lane yo
- ▶ Dat nesans ak peyi nesans
- ▶ Peyi sitwayènte oswa nasyonalite
- ▶ Istorik imigrasyon, sa gen ladan dat arive Ozetazini
- ▶ “Aktivite” moun nan te fè Ozetazini ak aktivite yo planifye pou fè alavni, epi konbyen tan moun nan prevwa rete Ozetazini
- ▶ Enfòmasyon biyografik, ki gen ladan jan, etnisite, ras, wotè, pwa, ak koulè zye ak cheve
- ▶ Istorik detaye sou arestasyon ak kondanasyon penal
- ▶ Enfòmasyon biyografik detaye sou mari/madanm moun nan, papa ak manman li, sa gen ladan non, dat nesans ak peyi nesans

Èske gen yon frè pou nouvo fòm G-325R la?

Non, pou kounyeya pa gen okenn frè pou pwosesis anrejistreman an. Gouvènman an di nan nouvo règleman an l ap panse pou li chaje yon frè \$30 alavni pou pwosesis anprent lan men li poko fè sa.

Kisa k ap rive si mwen anrejistre enfòmasyon mwen yo?

Sa ki kapab rive a pral depann de sitiyaşyon endividyèl pa w. Si ou respekte zafè anrejistreman an oswa ou pa respekte li, toude gendwa gen konsekans negatif avi. Sekretè Depatman Sekirite Enteryè a di piblikman ke objektif pwosesis anrejistreman an se pou fòse moun kite Etazini.

Si w pa gen papyè epi ou pa t janm gen kontak avèk otorite imigrasyon yo anvan, anrejistre a kapab gen konsekans sou plan imigrasyon ak sou plan penal.

- ▶ *Konsekans sou plan imigrasyon:* Gouvènman an kapab - epi te deklare gen anpil chans pou li ka - eseye arete ak depòte w apati enfòmasyon ou bay lè w anrejistre a. Selon sitiyaşyon endividyèl pa w, Biwo Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) gendwa voye yon lèt ba ou ki di w pou prezante w nan yon biwo ICE. Lè ou prezante w, ICE gendwa kenbe w oswa rantre w nan pwosedi depòtasyon. Si w pa ka demontre ou Ozetazini depi plis pase de (2) lane, ICE kapab rantre w nan pwosesis “ekspilasyon ekspres”, yon pwosesis depòtasyon akselere ki pèmèt ICE depòte moun rapidman san okenn chans pou yo ale devan yon jij.
- ▶ *Konsekans sou plan penal:* Vin anrejistre a gendwa rann ou vilnerab paske gouvènman an kapab akize w pou yon enfraksyon penal ki gen rapò avèk imigrasyon. Si w Ozetazini depi mwens pase senk lane epi ou te rantre san enspeksyon, ou gendwa vilnerab parapò avèk akizasyon deli federal dèske ou te rantre ilegalman nan peyi a. Si yo te depòte w deja soti Etazini epi apres a ou te travèse fwontyè a san otorizasyon pou retounen, gouvènman an gendwa anmezi pou akize w pou yon deli federal dèske ou te rantre ilegalman ankò nan peyi a.

Kisa k ap rive si mwen pa anrejistre enfòmasyon mwen yo?

Gouvènman an menase pou gen konsekans tou pou moun yo mande anrejistre yo men ki pa fè sa, sa gen ladan sanksyon sou plan penal ak sou plan imigrasyon.

- ▶ *Konsekans sou plan penal:* Gouvènman an menase pou li angaje pouswit penal kont moun yo mande anrejistre yo men ki pa fè sa, epi administrasyon Trump lan di pwokirè federal li yo pou pouswit sa yo se yon priyorite. Sa kapab vle di nenpòt kontak avèk fòs lòd yo, ladan ICE oswa lapolis lokal, kapab rive nan pouswit penal dèske w pa t anrejistre anplis detansyon pou rezon imigrasyon ak yon posib depòtasyon. Espesifikman, gouvènman an menase pou li pouswiv moun lajistis pou diferan chèf dakizasyon ki gen rapò avèk egzijans anrejistreman an, yo tout se deli federal yo ye:
 1. pa anrejistre, sa a kapab pini avèk yon amann jiska \$5,000 oswa jiska sis mwa prizon;
 2. pa mache avèk prèv anrejistreman, sa a kapab pini avèk yon amann jiska \$5,000 oswa jiska 30 jou prizon; epi
 3. pa enfòm gouvènman an nan espas 10 jou a si gen yon chanjman adrès, sa a kapab pini avèk yon amann jiska \$200 oswa jiska 30 jou prizon.

Epitou, gen yon enfraksyon penal apa ak motif depòtasyon pou anrejistreman ki fèt avèk fo deklarasyon.

- ▶ *Konsekans sou plan imigrasyon:* Pifò avantaj oswa viza imigrasyon “diskresyonè,” sa vle di gouvènman an kapab itilize zak negatif yon moun te fe anvan sa pou refize ba yo avantaj oswa viza imigrasyon an. Si w pa anrejistre epi apresa ou aplike pou yon avantaj oswa viza imigrasyon, gouvènman an gendwa refize avantaj oswa viza sa a poutèt ou pa t anrejistre.

Si mwen anrejistre deja oswa m ap anrejistre alavni, èske mwen bezwen mache avèk kèk papyè?

Wi. Pa mache avèk yon dokiman anrejistreman pou moun ki pa sitwayen ameriken se yon deli federal. Gouvènman an menase pou pouswiv nenpòt moun ki pa yon sitwayen ameriken ke yo kanpe oswa arete epi ki pa gen prèv anrejistreman an. Moun ki gen prèv anrejistreman (gade pi ba a) ta dwe mache avèk prèv sa a sou yo pou rezon sa a. Tout moun k ap viv Ozetazini toujou gen sèten dwa fondamantal selon Konstitisyon Etazini an, sa gen ladan imigran ki pa gen papyè yo. Se dwa w pou w rete an silans epi ou gendwa refize pale avèk ajan imigrasyon yo. Se dwa w pou w pale avèk yon avoka si yo arete w. Li [dokiman](#) sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou yo si imigrasyon kanpe w.

Ki dokiman ki konte kòm prèv anrejistreman?

Nouvo dokiman “Prèv Anrejistreman Etranje” a konte kòm prèv ke yon moun te anrejistre nan pwosesis la. Sepandan, anpil moun ki pa sitwayen ameriken nan peyi Etazini deja gen yon dokiman ki sètifye prèv anrejistreman an. Règleman an gen ladan de (2) lis “fòm anrejistreman” ak fòm ki se “prèv anrejistreman” ki lejèman diferan. Gen anpil chans pou toude (2) seri dokiman yo konte kòm prèv anrejistreman.

- ▶ “Fòm anrejistreman” yo gen ladan:
 - Fich Arive-Depa I-94 (I-94 Arrival-Departure Record)
 - Aplikasyon pou Eitati kòm yon Rezidan Pèmanan I-485 (I-485 Application for Status as a Permanent Resident) ak Fòm I-698 Aplikasyon pou Chanjman Eitati Rezidan Tanporè pou rive Rezidan Pèmanan (Form I-698 Application to Adjust Status from Temporary to Permanent Resident)
 - Anrejistreman I-590 pou Jwenn Eitati Refijye (I-590 Registration for Classification as a Refugee)
- ▶ “Prèv anrejistreman” ki nan règ yo gen ladan:
 - Fich Arive-Depa I-94 (I-94 Arrival-Departure Record)
 - Kat Rezidan Pèmanan (“Grinkat”) I-551 (I-551 Permanent Resident Card, “Green Card”)
 - Dokiman Otorizasyon Travay I-766 (I-766 Employment Authorization Document, EAD)
 - Avi Konparisyon I-862 (I-862 Notice to Appear) ak Avi Ranvwa devan Jij Imigrasyon I-863 (I-863 Notice of Referral to Immigration Judge)

- Kat Pasaj sou Fwontyè I-185 (I-185 Border Crossing Card) ak Kat Pasaj sou Fwontyè pou sitwayen Kanada ak Meksik I-186 (I-186 Border Crossing Card for citizens of Canada and Mexico)

Kijan yo te sèvi avèk anrejistreman pou moun ki pa sitwayen ameriken oparavan?

Administrasyon Trump lan ap sèvi avèk yon lwa 1940, Lwa sou Anrejistreman Etranje, ki te egzije pou tout moun ki pa sitwayen ameriken - pa sèlman moun ki pa gen estati imigrasyon otorize - anrejistre nan gouvènman federal la nan biwo lapòs lokal pa yo. Pwosesis sa a te ofri moun chans pou yo jwenn yon estati legal nan peyi Etazini men tou li te louvri chimen pou gouvènman an mete nan detansyon plizyè milye moun dorijin japonè pandan Dezyèm Gè Mondyal la.

Gouvènman ameriken an te sèvi avèk anrejistreman an tou pou sible manm kominote a ki te soti nan peyi majoritèman mizilman apre 11 septanm, avèk yon pwogram ki te rele “Sistèm Anrejistreman Antre-Soti pou Sekirite Nasyonal” (National Security Entry-Exit Registration System, NSEERS). NSEERS te sible gason ak jèn ki pa sitwayen ameriken ki soti nan 24 peyi ki majoritèman mizilman ak nan Kore Dinò pou anrejistreman ak siveyans. Gouvènman an te fòse 83,000 moun anrejistre epi te mete 13,000 nan yo nan pwosedi depòtasyon, sa ki te entansifye pwofilaj rasyal epi separe fanmi yo.

Èske mwen ta dwe pale avèk yon avoka?

Wi. Manm kominote yo ki gen kesyon sou anrejistreman an epi fason li gendwa afekte yo ta dwe pran konsèy avoka imigrasyon ki gen bonjan eksperyans epi swiv enfòmasyon ki soti nan sous yo ka fè konfyans. Yon avoka kapab konseye w sou dwa w yo ak nenpòt risk jiridik posib.

Lwa imigrasyon an konplèks anpil. Pa egzanp, lwa imigrasyon peyi Etazini di yon moun ki te rete Ozetazini pou plis pase yon lane avèk estati san papye (“prezans ilegal”) entèdi pou li re-rantre Etazini pandan 10 lane. Sa fè li konplike pou konnen si moun kapab retounen apre yo te pati volontèman, jan administrasyon an ap ankouraje moun fè sa. Pale avèk yon avoka pou konprann dwa ak opsyon ou yo.

Gen plis enfòmasyon sou istwa ak evolisyon anrejistreman moun ki pa sitwayen yo ki disponib nan [Kesyon yo Poze Souvan sou NILC](#).